

316.003 (16) Pasaj pou pyeton (definisyon) —

(a) Pati nan yon wout ki nan yon kafou ki anndan koneksyon liy akote twotwa yo nan kote ki opoze a wout la, mezire avèk bòdi yo oubyen ekstremitè wout ki ka travèse yo (swa ki make oubyen ki pa make).
 (b) Nenpòt ki pòsyon nan wout lan ki nan yon kafou oubyen lòt kote ki endike trè distenktivman pou pasaj pou pyeton an avèk liy yo oubyen lòt mak sou sifas lan (ki make sèlman).

316.075 Aparèy siyal kontwòl trafik – chofè

(1)(a)1 Vèt — Trafik veyikil, ki konte veyikil ki ap vire adwat oubyen agoch, dwe dwa pasaj la a pyeton yo legalman nan kafou an oubyen nan pasaj pyeton ki adjasan an.
 (1)(a)2 Vèt — Trafik veyikil ki fè fas a yon flèch vèt kapab vire jan li endike a men dwe sede dwa pasaj a pyeton yo legalman nan pasaj pyeton ki adjasan an.
 (1)(c)1 Wouj Stab — Trafik veyikil ki rankontre yon siyal wouj konstan dwe kanpe avan li rantre nan pasaj pyeton an.
 (1)(c)1.a. Wouj Stab — Trafik veyikil dwe sede dwa pasaj la bay pyeton yo avan yo vire adwat lè li wouj.
 (1)(c)2.a. Wouj Stab — Chofè ki jwenn yon siyal wouj stab dwe kanpe avan yo antre nan pasaj pyeton an epi rete kanpe pou yon pyeton avèk yon siyal pèmisyon pou travèse wout la lè pyeton an kanpe nan yon pasaj pyeton epi nan mitan wout kote machin yo ap sikile a oubyen lè pyeton an ap apwoche toupre lot mwaye wout la komsa li gentan an danje.

316.075 Aparèy siyal kontwòl trafik – pyeton

(1)(a)3 Vèt — Amwen ke sa ta endike nan yon lòt fason pa yon siyal kontwòl pyeton, yon pyeton ki jwenn yon siyal vèt, sof si selman se yon flèch, kapab degaje yo travèse wout la anndan pasaj pyeton ki make oubyen ki pa make.
 (1)(b)2 Jòn Stab — Pyeton ki jwenn yon siyal jòn stab, amwen ke sa ta endike nan yon fason ki diferan, pa dwe komanse travèse wout la.
 (1)(c)2.b. Wouj Stab — Pyeton pa dwe antre nan wout la lè li wouj sèl si li ta endike yon fason diferan pa siyal kontwòl pyeton.

316.123 (2)(a) Machin ki ap antre nan yon espas estop oubyen kafou pasaj —

Chofè dwe kanpe nan liy ki make pou kanpe, men si pa genyen, avan ou antre nan yon pasaj pyeton oubyen, si pa genyen, kote chofè a gen yon vizyon de trafik ki ap apwoche nan kafou wout la avan yo antre nan kafou an.

316.125 (2) Machin ki ap antre sou yon wout prensipal soti nan yon wout prive oubyen yon antre oubyen ki ap soti nan yon ale, yon enpas oubyen yon kay —

Machin yo dwe kanpe avan yo kondwi soti sou yon twotwa oubyen nan zòn twotwa ki rankontre ak ale a, antre kay, wout ak enpas, epi sede pasaj la bay tout machin ak pyeton ki tèlman pre ke sa konstitiyè yon danje imedyà.

316.130 Regilasyon pyeton —

(1) Pyeton dwe obeyi a tout aparèy kontwòl trafik ki aplikab espesifikman a pyeton yo.
 (3) Pyeton pa dwe mache sou wout lan lè gen twotwa ki disponib, amwen ta gen egzjans ki fèt pa lòt sikonstans.
 (4) Lè pa gen twotwa ki disponib, pyeton yo kapab mache sèlman sou akotman ki agoch wout la anfas trafik la lè sa pratik.
 (5) Pyeton yo pa dwe kanpe sou wout ki gen adoken an pou mande woulib, travay, oubyen biznis nan men kelkeswa moun ki nan machin.
 (7) Chofè ki nan machin yo dwe kanpe (oubyen sede dwa pasaj la) pou pèmèt yon pyeton pou travèse wout la lè pyeton an gentan nan pasaj pyeton an oubyen li kanpe bò pasaj pyeton an epi li gentan nan mwaye wout kote machin nan ap sikile a oubyen pyeton an ap apwoche toupre lòt mwaye wout la komsa li gentan an danje, lè:
 (7)(a) nan yon kafou ki gen yon siyal kontwòl trafik nan plas la.
 (7)(b) nan nenpòt ki pasaj pyeton kote siyalizasyon an endike sa.
 (7)(c) siyal kontwòl trafik yo pa nan espas la oubyen pa fonksyone epi pa gen siyalizasyon ki endike yon lòt bagay.

(8) Okenn pyeton pa ta dwe kite yon twotwa oubyen lòt espas ki ansekirite epi mache oubyen kouri sou wout yon machin tèlman pre li ke li vin enposib pou chofè a sede pasaj lan.
 (9) Okenn machin pa dwe pase sou yon lòt machin ki kanpe sou nenpòt ki pasaj pyeton an pou pèmèt yon pyeton pou travèse yon wout.
 (10) Pyeton yo dwe sede pasaj la bay tout machin ki sou wout la lè yo ap travèse nan nenpòt ki pwen lòt ke yon pasaj pyeton ki make oubyen anndan yon pasaj pyeton ki pa make nan yon kafou.
 (11) Ant kafou ki adjasan yo nan chak siyal kontwòl trafik ki ap fonksyone, pyeton pa dwe travèse nan kelkeswa espas la sof si gen yon pasaj pyeton ki make.
 (12) Sof nan yon pasaj pyeton ki make, okenn pyeton pa dwe travèse lari a nan yon lòt plas ke pa wout ki nan angdwa a twotwa a oubyen pa wout ki pi kout pou ale sou twotwa opoze a.
 (14) Okenn pyeton pa dwe travèse nan kafou nan fason diagonal amwen ke sa ta otorize pa yon aparèy kontwòl trafik.
 (15) Chofè yo dwe egzèsè swen nesèsè pou evite fè kolizyon ak nenpòt ki pyeton oubyen nenpòt ki lòt moun ki ap kondwi yon veyikil ki sèvi ak enèji moun, bay yon avètisman lè sa nesèsè, epi egzèsè prekosyon ki apwopriye lè ou remake nenpòt ki timoun, oubyen gen yon moun ki gen konfizyon oubyen ki pa gen kapasite.
 (16) Pyeton dwe obeyi pasaj anivo wout ray epi siyal pon epi pa pase anlè oubyen a travè kelkeswa pötay oubyen barye apre endikasyon siyal la fin bay.
 (18) Okenn pyeton pa dwe mache antre nan yon etablisman ki gen aksè limite oubyen ranp ki fè koneksyon (sof pou pèsonèl mentnans).

316.1301 Regilasyon trafik pou asiste moun ki avèg —

(1) Sèlman yon moun ki avèg totalman/pasyèlman oubyen yon moun ki manke kapasite kapab pote yon baton pou edel mache nan pozisyon leve oubyen an ekstansyon nan lari piblik oubyen wout prensipal.
 (2) Tout chofè dwe kanpe nèt epi pran prekosyon nesèsè pou evite blese pyeton ki ap travèse oubyen ki ap tante travèse yon lari piblik oubyen yon wout prensipal pandan li gen yon chyen ki ap gidel oubyen li ap sèvi ak yon baton pou ede li mache nan yon pozisyon leve oubyen an ekstansyon.

316.1303 Regilasyon trafik pou asiste moun ki gen andikap —

(1) Chofè yo dwe kanpe nèt epi pran prekosyon nesèsè pou evite blese pyeton ki gen andikap nan moman li ap travèse yon lari piblik oubyen yon wout prensipal avèk asistans yon bèt, yon lòt moun, beki, baton òtopedik, oubyen chef woulant.
 (2) Yon moun ak andikap ki ap itilize yon chèz woulant a motè sou yon twotwa kapab kite twotwa a tanporèman epi itilize wout la pou evite yon konfli pwobab, si pa gen lòt wout altènatif tou pre.

316.1575 (1) Obeyisans a aparèy kontwòl trafik nan pasaj anivo wout ray —

Nenpòt ki moun ki ap mache oubyen ki ap kondwi yon veyikil epi ki ap apwoche yon pasaj anivo kote yon wout ray rankontre ak yon wout prensipal dwe kanpe lè sa nesèsè epi pa pran inisyativ jiskaskè li ka fè sa san risk.

316.1945 Kanpe, pakin —

Okenn moun pa ta dwe kanpe oubyen pake yon machin sou yon twotwa, pasaj pyeton oubyen yon wout ki fèt pou bisiklèt sèlman.

316.1995 Kondwi sou yon twotwa oubyen wout bisiklèt —

Okenn moun pa dwe kondwi yon machin oubyen lòt veyikil ki pouse pa enèji moun sou yon twotwa oubyen sou wout bisiklèt (sof pou bisiklèt elektrik, machin pou mikwomobilite, epi skoutè a mote).

316.2061 Kanpe pandan trafik la bloke —

Okenn chofè pa dwe antre nan yon kafou oubyen yon pasaj pyeton ki make si pa gen espas sifizan pou pase san bloke pasaj lòt machin oubyen pyeton, pa reziste a okenn endikasyon siyal kontwòl trafik pou deside.

Avi pou non-responsablite: Règ ki site pi wo la yo se abrevyasyon.

Ou ka jwenn tèks Lwa Konplè Florida nan :
<http://www.leg.state.fl.us/Statutes>
 (Tit XXIII, Chapit 316)



Pou konsèy sekirite ak plis enfòmasyon, tanpri vizite:
www.AlertTodayFlorida.com
www.FloridaBicycle.org

316.003 Definisyon —

(4) Bisiklèt — Tout machin ki avanse sèlman pa enèji moun, ki gen 2 kawoutchu, epi ki gen ladan aparèy ke yo rekonèt kom bisiklèt ki ekipe de 2 kawoutchou devan oubyen dèyè. Tèm sa pa konte skoutè oubyen lòt mwayen ki sanble ak sa.

(22) Bisiklèt elektrik — Yon bisiklèt oubyen yon ekipman trisik ak pedal ki ap fonksyone, yon syèj oubyen sèl pou itilizasyon moun ki ap kondwi, epi yon motè elektrik ki a mwens ke 750 wat ki respekte egzizans youn nan 3 klasifikasyon sa yo:

(a) “Klas 1 bisiklèt elektrik” vle di yon bisiklèt elektrik ki ekipe de yon motè ki bay asistans sèlman lè moun ki ap kondwi a ap pedale epi li kanpe pou bay asistans li lè bisiklèt elektrik la atenn yon vitès de 20 miles alè.

(b) “Klas 2 bisiklèt elektrik” vle di yon bisiklèt elektrik ki ekipe de yon motè ki kapab itilize esklizivman pou pouse bisiklèt elektrik la epi sispann bay asistans li lè bisiklèt elektrik la atenn yon vitès 20 miles alè.

(c) “Klas 3 bisiklèt elektrik” vle di yon bisiklèt elektrik ki ekipe de motè ki bay asistans sèlman lè moun ki ap kondwi li a ap pedale epi li sispann bay asistans li lè bisiklèt elektrik la atenn yon vitès de 28 miles alè.

(44) Veyikil a motè — yon veyikil ki kapab pouse tèt li poukont li san li pa opere sou ray, vwa ki tou gide, men ki pa gen ladan bisiklèt, bisiklèt elektrik, skoutè a motè, aparèy pou asistans a mobilite pèsònèl elektrik, transpòtè mobil, aparèy pou livrezon pèsònèl, pousèt oubyen velomotè.

(103) Veyikil — Tout aparèy kapab transpòte nenpòt ki moun oubyen pwopriyete nan li, sou li oubyen pa li sou yon wout prensipal.

Responsablite kòm yon chofè —

Yon bisiklèt se yon veyikil. Lè li ap opere sou wout la, yon moun ki sou bisiklèt gen tout responsablite ki aplike a chofè nenpòt ki lòt veyikil sou wout la, ki gen ladan men ki pa limite a:

316.074 Obeyisans a aparèy kontwòl trafik yo

316.075 Aparèy siyal kontwòl trafik

316.081 Woule sou bò dwat wout la

316.085 Limit pou depase, pase, chanje liy ak kous

316.088 Wout a sans inik ak won pwen

316.123 Veyikil ki ap antre nan estop oubyen nan yon kafou

316.125 Veyikil ki ap antre nan yon wout prensipal tan li ap sotri nan wout prive oubyen enpas oubyen yon ale ijans, oubyen yon kay

316.155 Lè siyal nesèsè

316.1575 Obeyisans a aparèy kontwòl trafik nan rankont wout ray ak wout prensil

316.193 Kondwi sou enfluyans

316.1936 Posesyon de respidan tou louvri gen ladan bwason alkolize nan yon veyikil entèdi

316.2065 Regilasyon pou bisiklèt —

(1) Tout moun ki ap pouse yon veyikil ki sèvi ak enèji moun pou l avanse gen tout dwa ak devwa ki aplike a nenpòt chofè tout lòt veyikil, sof pou regilasyon espesyal ki nan chapit sa.

(2) Yon moun ki ap kondwi yon bisiklèt pa dwe kondwi lòt jan ke a cheval sou yon sèl pèmanan ki atache sou li tou.

(3)(a) Yon bisiklèt pa dwe pote plis moun ke sa li te fèt pou pote, sof si yon granmoun ap kondwi epi li ap pote yon timoun epi li atache li yon fason ki ansekirite sou li nan yon sak pou do oubyen nan yon bandoulyè.

(3)(b) Moun ki ap kondwi yo dwe pote pasaje ki gen mwens ke 4 lane yo oubyen peze mwens ke 40liv yo nan syèj ki separe.

(3)(d) Yon moun ki ap kondwi oubyen pasaje ki gen mwens ke 16 lane dwe pote yon kas moto ki chita byen nan tèt li epi ki tache byen sere.

(4) Okenn moun ki ap kondwi bisiklèt, yon kabotè, paten a woulèt, oubyen veyikil jwèt pa dwe atache a okenn machin, sof pou trelè ki tou fèt pou model atachman sa yo.

(5)(a) Bisiklèt ki ap vwayaje a mwens ke vitès nòmal trafik lan dwe woule nan wout ki fèt pou bisiklèt lan oubyen, si pa gen wout pou bisiklèt, osi pwòch ke sa pratikab a twotwa ki sou bò dwat la sof:

- Pandan ou ap double yon lòt veyikil ki fèt nan menm direksyon an,

- Preparasyon pou vire agoch

- Lè li nesèsè de fason rezonab pou evite nenpòt ki kondisyon oubyen potansyèl konfli, oubyen lè ou ap kondwi sou yon wout ki gen yon lajè ki mwens ke standa, ki fè li pa ansekirite pou kontinye kondwi akote twotwa sou bò dwat la oubyen ekstremite oubyen anndan wout bisiklèt la.

Yon “wout ki gen lajè mwens ke standa” se yon wout ki twò piti pou yon bisiklèt ak yon lòt veyikil pou sikile youn a kote lòt.

(5)(b) Moun ki ap kondwi bisiklèt dwe woule toupre twotwa ki sou bò goch la oubyen ekstremite wout prensipal la avèk 2 ou plis mak liy trafik.

(6) Lè ou sou wout la, pa woule a plis ke 2 akote lòt sof nan pati wout la ki tou fèt pou bisiklèt. Si ou ap woule a 2 youn akote lòt, pa ta dwe antrave trafik la pandan yo ap vwayaje a mwens ke vitès nòmal sou kondisyon alòs yo ta dwe woule anndan yon wout senp.

(7) Bisiklèt ki an itilizasyon ant lè solèy kouche e lè li pral leve dwe ekipe de yon limyè blan devan an ak yon limyè wouj ak refèlè pa dèyè; lòt limyè adisyonèl pèmi.

(8) Okenn paran oubyen titè de yon minè pa ka otorize oubyen pèmèt vyolasyon seksyon sa an tout konfyans.

(9) Moun ki ap kondwi bisiklèt yon twotwa, oubyen a travè yon wout ki pase nan yon pasaj pyeton, genyen tout dwa ak devwa ki aplike a yon pyeton.

(10) Moun ki ap kondwi bisiklèt sou yon twotwa oubyen sou yon pasaj pyeton dwe sede pasaj la bay pyeton yo epi bay yon siyal sonò avan pran inisyativ double a.

(11) Okenn moun ki sou paten a woulèt, veyikil jwèt, oubyen lòt aparèy ki sanble ak sa pa dwe pase sou yon wout sof pandan li ap travèse lari nan yon pasaj pyeton epi, lè li ap fè sa, li gen devwa yon pyeton.

316.20655 Regilasyon pou bisiklèt elektrik —

(1) Sof nan ka ki endike difereraman nan seksyon sa, yon operatè ki sou yon bisiklèt elektrik ta dwe jwi de tout dwa, ak devwa yon operatè nenpòt ki bisiklèt, ankontan 316.2065. Yon bisiklèt elektrik se yon veyikil menm jan ak yon bisiklèt.

(2) Yon operatè de yon bisiklèt elektrik pa sijè a pwovizyon de lwa ki an rapò ak responsablite finansyèl, chofè oubyen lisans veyikil a motè, anrejistreman veyikil, sètifika tit, moto tou teren, oubyen veyikil tou teren.

(3) A pati de 1ye Janvyè 2021, distribitè bisiklèt elektrik dwe aplike yon etikèt ki rete pèmanan nan yon plas ki vizib epi ki gen yon nimewo klasifikasyon, pi wo asistans vitès, epi wataj motè a.

(4) Yon moun pa dwe modifiye bisiklèt elektrik pou chanje kapasite puisans motè a oubyen angajman li a mwen ke etikèt ki egzizjan nan seksyon ki vin apre a (3) ranplase apre modifikasyon an.

(6) Yon bisiklèt elektrik dwe opere nan yon fason pou motè elektrik lan dezangaje oubyen sispann fonksyone lè moun ki ap kondwi li a kanpe oubyen lè fren an aksyone.

(7) Yon operatè kapab kondwi yon bisiklèt elektrik kote yo pèmèt sa pou bisiklèt, ki konte men ki pa limite a, lari, wout prensipal, wout, twotwa, wout bisiklèt, ak chemen ki fèt pou bisiklèt oubyen itilizasyon miltip.

316.083 Double epi pase devan yon veyikil —

(1) Chofè yon machin ki ap depase yon bisiklèt oubyen yon lòt veyikil ki pa gen mote, oubyen yon bisiklèt elektrik, dwe pase a yon distans sekirite ki pa mwens ke 3 pye.

316.151 Pozisyon nesèsè ak metòd pou vire nan yon kafou —

(1)(b) Vire agoch — Yon moun ki ap kondwi yon bisiklèt epi ki ap eseye vire agoch gen dwa pou itilize tout wout kote viraj la dwe fèt legalman an.

(1)(c) Viraj agoch pa yon bisiklèt — Yon moun ki ap kondwi yon bisiklèt kapab konplete yon viraj agoch nan 2 etap.

316.155 Lè yon siyal nesèsè —

Siyal pou entansyon pou viraj dwe bay nan yon fason kontini pandan 100 pye avan viraj la, sof pou moun ki sou bisiklèt dwe bay yon siyal ak men li nan fason kontini.

316.1995 Kondwi sou yon twotwa oubyen wout yon bisiklèt —

Okenn moun pa dwe kondwi yon veyikil lòt ke sa ki mande enèji moun poul avanse sou yon twotwa oubyen nan wout ki fèt pou bisiklèt (eksepsyon fèt sèlman pou bisiklèt elektrik, aparèy mikwomobilite, ak skoutè ki gen motè).

316.2397 (7)(c) Kèk limyè ki entèdi —

Limyè bisiklèt kapab flache.

316.304 Pote kas —

Okenn moun pa dwe kondwi yon veyikil pandan li ak kas nan zorèy li, gwos kas mizik, oubyen lòt aparèy ou kapab koute, lòt ke aparèy ki pou ede odision l. Sa pa aplike a kas ki lye ak yon telefòn selilè ki sèlman bay son nan yon sèl zòrèy epi pèmèt ou tande son ki nan anviwònman an.

316.008 Pouvw otorite lokal yo —

Gouvènman lokal yo kapab regile pi plis operasyon bisiklèt yo, bisiklèt elektrik yo, aparèy pou asistans mobilite pèsònèl, ti machin gòlf, ak lòt veyikil menm jan ak kèk aksyon pyeton.

316.2128 Aparèy mikwomobilite, skoutè a motè, epi min moto —

(1) Operatè yon skoutè ki gen motè oubyen aparèy mikwomobilite gen tout dwa ak devwa ki aplike a yon kondiktè bisiklèt sou 316.2065, sof 316.2065(2), (3)(b), ak (3)(c), ki pa ka aplike pa nati yo.

Avi non-responsablite: Règ ki site pi wo yo se abrevyasyon.

Ou kapab jwenn tèks lwa konplè Florida yo nan:

<http://www.leg.state.fl.us/Statutes>

(Tit XXIII, Chapit 316)

